

Transportation Transformation

N ap konekte Kominote yo Grasa Chwa Transpòtasyon

YON VIZYON POU AVNI SID FLORIDA: EVÈNMAN SOU « MOBILITE, MACHANDIZ AK MOUN »

Le 4 me te yon jou esesyonèl nan Broward County paske dirijan reyjonal nan domèn transpòtasyon an te reyini pou yo te diskite sou yon sijè enpòtan pou zòn twa-konte (tri-county) nou an - mobilite. Reprezantan nan endistri transpò machandiz, vwa-fere, ayewopò, pò, wout ak transpòtasyon, ansanm avèk dirijan nan Òganizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metropolitèn nan Broward (MPO), Konsèy Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Councils) ak Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation), yo tout yo bay bonjan enfòmasyon sou enpòtans ki genyen lè yo tout mete ansanm pou kowòdone avèk siksè, transpò moun, machandiz ak sèvis atravè reyon nou an ak atravè Eta a oswa andeyò Eta a. Yo te akonpli sa atravè deba enteresan yo te diskite nan sesyon Enstiti Tè Ibèn (Urban Land Institute: ULI) ki te dire mwatye jounen nan Lotèl Sheraton ki nan Ayewopò Fort Lauderdale la.

Broward MPO te pami Prezantatè ki finanse evènman an, e Greg Stuart, Direktè Egzekitifla, te pale nan de (2) tabwonn: *Reyon Sid Florida Bezwèn – Transpòtasyon* ak yon *Apwòch Rejyonal sou Transpòtasyon*. Greg fè yon prezantasyon sou yon Etid Konseptyèl Ibèn ki te fèt an 1972 pou Konsèy Planifikasyon Zòn Broward County a. Nan prezantasyon I lan, Greg te pale de pase nou, prezan nou ak avni nou nan transpòtasyon, e plan sa a ki te fèt an 1972 la te bay yon apèsi sou pase nou ak sou similarite ki genyen nan plan anvan an ak nan plan aktyèl alontèm Broward MPO a sou transpòtasyon. Li te ase enteresan pou tande Greg ki t ap rakonte asistans lan kijan plan sa a ki te fèt an 1972, yo te jwenn ni nan yon kwen plen pousyè nan yon bibliyotèk epi li souliye jan plan sa a pote anpil konpreyansyon ak enpòtans kounye a, dèzane apre. Greg te diskite tou plan pou sistèm tren « The Wave » la, platfòm mobilite fiti nan santrevil Fort Lauderdale, liy y ap jere sou I-95 yo, ak sistèm tren pou pasaje y ap pwopoze sou Vwa Fere Kòt Lès Florida a. Tout plan sa yo ofri opòtinité pou devlòpman e yo souliye enpòtans kowòdinasyon reyjonal genyen ofiramezi n ap avanse vè lavni avèk tout aspè ki genyen nan mobilite.



Pi wo a: Direktè Egzekitif MPO, Greg Stuart. Sekretè FDOT Ananth Prasad, P.E. te fè Prezantasyon Donè a.



Pi wo a: Michael Busha, Direktè Egzekitif Konsèy Rejyonal Planifikasyon Treasure Coast te modere yon deba avèk (de goch a dwat) Joe Giulietti, Dir. Egzekitif Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (S. Florida Regional Transportation Authority), James Wolfe, Sekretè FDOT Distrik 4, Gus Pego, Sekretè FDOT Distrik 6, Ysela Llort, Direktè Sistèm Transpòtasyon Miami-Dade (Miami-Dade Transit), Greg Stuart, Dir. Egzekitif Broward MPO ak Randy Whitfield, Dir. Egzekitif Palm Beach MPO.

Prezantasyon evènman an disponib nan:
www.seflorida.ulic.org

KISA KI LADAN L

- **KONSEY ak Mizazou UPWP**
- **Analiz altènatif pou Oakland Park Blvd.**
- **Edikasyon ak Pwogram sansibilizasyon MPO**
- **Èske Ou te Konnen?**

MESAJ PREZIDAN AN



Administratè gouvènman lokal la, Richard Blattner
Prezidan, Broward MPO
Vil Hollywood, Distrik 4


Ane 2012 la se te yon bél ane e nou sèlman nan dezyèm trimès la. Le 10 avril mwen te reyini avèk lòt fonksyonè eliyo, kontraktè ak rezidan lokal yo pou seremoni koupe riban ki te fèt pou Pon Dixie Highway (Dixie Highway Flyover) a. Pon a-kat-vwa a, ki konekte Deerfield Beach avèk Boca Raton e ki pase anlè Vwa Fere Kòt Lès Florida a, te konstwi avèk fon ki te sòti nan Lwa pou Reyenvestisman ak Relansman Ekonomi Amerikèn (American Recovery and Reinvestment Act: ARRA) ki te pase an 2009. Pwojè sa a, MPO finanse e FDOT te jere, yo te konsevwa l e yo te konstwi li sou yon peryòd kout de twazan – yon bagay ki remakab

Nou temwen tou de finisman yon lòt pwojè ARRA te finanse – enstalasyon 73 abri kote moun tann otobis yo, nan tout Konte a. Pwojè konsepsyon/konstriksyon sa a te vo \$2,47 milyon e konstriksyon te kòmanse an me ane dènyè e kounye a li finalize. Nan efò n ap fè pou nou wè « bagay yo » fèt, byento nou pral wè publikasyon yon « Demann pou Pwopozisyon » Vil Fort Lauderdale la pral emèt pou enpleamente platfòm mobilite nan santrevil la sou Broward Boulevard e k ap sipòte sistèm tren « The Wave » la. Sa k enteresan nan sistèm The Wave la sèke li se premye eleman enpòtan nan ansanm sistèm yo ki ka vin fè yo mete anplas lòt tren oswa sistèm tramwe atravè Konte a. Veye lè nou pral lanse l vè fen ane sa a. Nouvo platfòm mobilite sa a gen rapò dirèk avèk anons resan Endistri nan Kòt Lès Florida yo te fè konsènan sèvis pou pasaje k ap fè vayevyen nan sistèm transpò a e ke Konsèy Broward MPO a te prezante nan reyinyon 10 me nou an.

Map ankouraje nou pou nou rete branche avèk Broward MPO ofiramezi n ap kontinye travay avèk patnè nou yo atravè reyjon an, pou planifye ak enpleamente pwojè transpòtasyon yo.



Administratè gouvènman lokal Mesye Blattner ak Prezidan Broward MPO a, ansanm avèk (de goch a dwat) Administratè gouvènman lokal Coconut Creek la ak Manm Konsèy MPO a, Marilyn Gerber, Direktè Egzekitif Broward MPO a, Greg Stuart, Majistra Adjwen Boca Raton, Susan Haynie, Repræzantan Gwyndolen Clarke-Reed ak Vis-Majistra Broward County/Manm Konsèy MPO, Kristin Jacobs.



Le 10 me, Konsèy MPO a adopte Pwogram Inifye nan Travay Planifikasyon (Unified Planning Work Program: UPWP)/Plan Dafè 2012-2014 la. UPWP a bay bidjè anyèl dezan an sou tan ak finansman pou facilite efò planifikasyon MPO yo. Pwogram nan souliye aktivite ak pwodui travay ki asosye yo e ki nesesè pou kenbe operasyon MPO a. Ou ka jwenn ni sou sit entènèt la nan: www.broward.org/programs/unified-planning-work-program

Pwogram Amelyorasyon Transpòtasyon (TIP) a se yon pwogram senkan ki mete priyorite sou finansman pwojè amelyorasyon nan sistèm transpòtasyon pou reyjon an. Pwojè ki liste yo se pwojè sa yo yo prevwa pou yo konstwi sou peryòd senkan TIP bay la. Tout tip metòd deplasman enkli nan TIP a, tankou transpòtasyon, wout, bisiklèt, pyeton, transpò machandiz, pò ak vwa fere. Dat pou odyans publik pou mizajou TIP a se le **25 jen, 26 jen ak 12 jiye** nan biwo Broward MPO yo. Si ou bezwen plis enfòmasyon sou TIP, e pou vizite TIP entèyaktif la, ale nan: www.browardMPO.org oswa rele Roxana Ene nan (954) 876-0042 oswa eskane kòd QR la.




TRANSPORTATION IMPROVEMENT PROGRAM
ANE FISKAL 2012/13 –ANE FISKAL 2016/2017


ETID SOU SISTÈM TRANSPÒTASYON NAN KOULWA OAKLAND PARK

Eske w konnen ki wout sou aks lès-lwès Enstans pou Transpòtasyon nan Broward County (BCT) ki pi chaje a, e ki gen prèske 9.000 pasaje k ap monte nan otobis li yo chak jou? Li se wout ki pi pwodiktif nan sistèm transpòtasyon an, sa ki vle di, li transpòte plis pasaje pa è passe nepòt lòt sistèm transpòtasyon. Eske ou ta renmen yon lòt endis? Li travèse seksyon santral Broward County apatide Everglades jouk rive nan lanmè a. Wi – se Route 72, ki sou Oakland Park Boulevard. Etandone gen anpil pasaje e gen potansyèl pou vin gen plis moun toujou ki pral itilize sèvis la, Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation), an kolaborasyon avèk BCT, Broward MPO ak Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (South Florida Regional Transportation Authority) inisyé yon etid sou transpòtasyon nan koulwa a ki gen objektif swivan an:

Pou idantife amenajman ki gen pou fèt nan sistèm transpò yo toutolon koulwa a, pou bay sèvis eksepsyonèl de kalite siperyè ak kapasite siperyè, ke nou anvizaje a, e anmenmantou pou defini mache ak zòn solisyon nou an pral sèvi yo. Se pou amenajman sa yo valorize eksperyans pasaje sistèm transpòtasyon an ak/oswa pyeton yo, amelyore konfyans yo genyen nan sèvis transpò a ak nan tan vwayaj la epitou pou ankouraje devlòpman ki gen rapò avèk sistèm transpòtasyon an.


Lòt kolaboratè nan etid la enkli Vil Fort Lauderdale yo, Wilton Manors, Oakland Park, Lauderdale Lakes, Lauderhill, ak Sunrise. Tout kolaboratè sa yo te patisipe nan reyinyon lansman an ki te fèt nan mwad-me a pou inisyé rasanbleman done yo avèk analiz travay la.

Gen reyinyon lansman onivo publik ak onivo ajans yo ki planifye pou otòn sa a e n ap ankouraje tout moun pou yo patisipe e pou yo bay kòmantè yo sou koulwa lès-lwès enpòtan sa a. Pral gen enfòmasyon k ap disponib byento sou pwojè a, nan sit entènèt la, ki se: www.OaklandParkBoulevardTransitStudy.com



EDIKASYON AK PWOGRAM SANSIBILIZASYON MPO

CENTRAL BROWARD



Le **17 me**, Planifikatè Transpòtasyon MPO, Priscilla Clawges, te patisipe nan Gwoup Defans Koulwa a (Corridor Advocacy Group) ak Sesyon sou Netwayaj Koulwa A-1-A Antite Jesyon Koulwa (Corridor Management Entity) te organize a. Se Lauderdale- By-The-Sea ki te organize evènman kominotè sa a.

Le **17 ak 18 avril**, Ekip etid sou sistèm transpòtasyon lès-lwès santral la, ki te gen ladan I manm pèsonèl MPO a, te organize reyinyon publik pou pataje rezulta analiz la sou de (2) wout altènativ pou amelyore eksperyans vwayaj nou.

Le **20 avril**, Christopher Ryan te patisipe nan selebrasyon Jou Latè (Earth Day) avèk Sistèm Transpòtasyon Broward ki te fèt nan Sant Lwès Gouvènmantal la.

Le **8 ak le 22 me**, MPO te patisipe nan sesyon fòmasyon pou Pwosesis Alyans Sis Pilye nan rejyon metropolitèn Fort Lauderdale la. Y ap mete pwosesis sa a anplas pou ede kominote yo nan tout Eta a defason pou yo gen yon pèspektiv sou pwosesis la k ap etann sou yon peryòd 20 tan. Reyinyon sa yo te fèt Fort Lauderdale pou diskite ak jwenn opinyon sou twazyèm pilye a, sou Enfrastriki ak Lidèship onivo Devlòpman.

Le **4 me**, James Cromar ak Christopher Ryan akeyi patisipan yo nan Evènman Mobilite ULI a nan Fort Lauderdale; e li te enfòme yo sou tout pwogram Broward MPO a.

Le **18 me**, James Cromar te youn nan oratè yo nan Evènman Kolaboratif Prestijye SR 7/U.S. 1 lan ki te fèt nan Administrasyon Minisipal Vil Parkland (City of Parkland City Hall). James te prezante Etid sou Kalite Devi nan seksyon nò Broward County. Evènman sa a te mete anfaz sou devlòpman ak planifikasyon estrateji pou SR 7 ant Sample Road nan Broward County ak Glades Road nan Palm Beach County.





Eskane Kòd QR sa a pou ale sou sit
entènèt nou nan www.browardMPO.org

REYINYON KI PLANIFYE

	JIYÈ 2012	OUT 2012	SEPTANM 2012	OKTÒB 2012
Oganizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metropolitèn nan Broward (MPO) Rankontre chak 2zyèm jedi a 9:30 a.m.	12	Pa gen Reyinyon	20*	11
Komite Kowòdinasyon Teknik (TCC) Rankontre chak 4yèm lendi a 2:15 p.m.	Pa gen Reyinyon	27	24	22
Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR) Rankontre chak 4yèm jedi a 6 p.m.	Pa gen Reyinyon	29	18*	23
Konsèy Administrasyon pou Kowòdinasyon Nan Broward County (BCCB) Rankontre chak 3zyèm lendi a 2 p.m. lè yo planifye /	Pa gen Reyinyon	Pa gen Reyinyon	10*	Pa gen Reyinyon

* Dat sa yo chanje akozde konje oswa konfli

Tout reyinyon yo fèt nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room) la, Swit 850, nan imèb Trade Centre South la.

N ap ankouraje patisipasyon publik la kèlkeswa ras li, koulè po li, orijin natif natal li, laj li, sèks li, reliyon ni, andikap li oswa estati familyal li. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal selon Lwa Amerikèn pou moun ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act: ADA) oswa moun ki bezwen sévis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org. Si ou gen pwoblèm pou tandem, rele nan 1(800) 273-7545 (TDD/pou moun ki soud oswa bèbè).

Si w bezwen plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou kouman pou pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa non-diskriminasyon; oswa si w gen demann espesyal selon ADA, tanpri kontakte: **Christopher Ryan, Ofisiye Enfòmasyon Publik/Kowòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org.**

ÈSKE W TE KONNEN?

Ou ka teledechaje Aplikasyon
an epi lokalize Tramwe a!



DOWNLOAD THE APP!
TRACK THE TROLLEY!
WAVE & RIDE!



Ale nan www.suntrolley.com
oswa rele nan 954.761.3543

Ale nan zòn pou fè chòpin, pou al manje
e pou al nan plaj nan Fort Lauderdale